

## 5 FASON KI FASIL POU

# *Sipòte sante mantal ptit ou a*

### 1 Ede timoun ou an konprann li fè pati lekòl kominotè a.

- Pale sou lekòl souvan nan kay la! Poze kesyon sou devwa, lòt timoun nan klas la epi sou pwofesè I. Selebre sa I ap aprann yo.
- Sipòte patisipasyon timoun ou an nan aktivite ekstraeskolè (tankou espò oubyen pwogram aprè lekòl). Pale ak yo sou kisa yo ta vle eseye.

*Eske w ka kwè tout nouveau bagay sa yo w ap aprann nan?*

### 2 Sipòte relasyon timoun ou an ak pwofesè I la.

- Mande timoun ou an ki pwofesè ak lòt adilt yo konnen lekòl la.
- Asire w pwofesè a oubyen konseye eskolè a konnen si ptit ou a santi I pou kont li oubyen yo mal akeyi I lekòl la.

*Ki adilt nan lekòl la ki pi espesyal pou ou?*

### 3 Viv woutin ak tradisyon fanmi ak lekòl yo ansanm.

- Itilize woutin fwaye ki ankouraje estrikti, responsabilite ak amizman (Egzanz: Chante yon chante idyo pandan n ap mete fatra deyò ansanm).
- Selebre tradisyon lekòl yo ak timoun ou an (Egzanz: Asiste konsè lekòl la).

*Ann rann sa yon tradisyon familyal, ki amizan.*

### 4 Sipòte konpòtman ki konstwi siksè ak byennèt.

- Pale sou abitid somèy ki sen, tankou etabli yon lè pou kouche ki regliye.
- Ankouraje aktivite ki konstwi konsantrasyon ak metriz tankou jwèt sosyete epi suiv yon orè nou mete pou chak jou.

*Ann prepare nou pou n pase yon bon jounen.*

### 5 Kontinye konstwi bon relasyon nan kay la.

- Amize nou ansanm kòm fanmi, n ap fè sa lè nou jwe jwèt, fè manje ansanm, òganize yon sware cinema an fanmi elatriye.
- Fè konvèrsasyon senp chak jou ak ptit ou a sou lekòl, zanmi ak plis toujou.

*Kijan w santi w konsènan ?*